



DIREKTIV PWOVIZWA POU PWOGRAM GADRI AK KAN LAJOUNEN PANDAN IJANS SANTE PIBLIK COVID-19 LA

Lè ou fin li dokiman sa a, ou ka afime nan pati ki anba a.

Nan dat 26 jen 2020

Objektif

Direktiv Pwovizwa pou Pwogram Gadri ak Kan Lajounen pandan Ijans Sante Piblik COVID-19 la ("Direktiv Pwovizwa pandan COVID-19 pou Pwogram Gadri ak Kan Lajounen") te kreye pou bay pwopriyetè/operatè pwogram gadri ak kan lajounen ak anplwaye, paran/responsab legal ak vizitè yo dispozisyon pou ede pwoteje kont pwopagasyon COVID-19.

Direktiv sa aplike sèlman pou pwogram gadri ak kan lajounen yo. Li pa gen ladan pwogram gadri ak kan lannuit, ki pa otorize pou fonksyone nan moman sa a.

Direktiv sa yo se jis egzijans minimòm epi nenpòt anplwayè lib pou bay prekosyon anplis oswa ajoute restriksyon. Direktiv sa yo baze sou pratik sante piblik ki plis popilè yo nan moman piblikasyon an, epi dokiman direktiv sa yo baze sou li a ka chanje epi li chanje souvan. Pati Responsab yo – jan sa defini anba a – responsab pou respekte tout egzijans lokal, etatik ak federal yo ki gen rapò ak pwogram ak aktivite gadri ak kan lajounen yo. Pati Responsab yo responsab tou pou rete okouran de tout mizajou ki fèt nan egzijans sa yo, epi mete yo nan tout aktivite ak/oswa Plan Sekirite Sit la.

Enfòmasyon Jeneral

Nan dat 7 mas 2020, Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye [Dekrè Egzekitif 202](#), ki deklare yon eta ijans an repons a COVID-19. Transmisyon kominotè COVID-19 deja rive toupatou nan New York. Pou kapab minimize plis pwopagasyon an, nou dwe kenbe yon distans sosyal pou pi piti sis pye ant moun yo, kote sa posib.

Nan dat 20 mas 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye [Dekrè Egzekitif 202.6](#), ki òdone pou tout biznis ki pa esansyèl yo fèmen fonksyon pèsònèl nan biwo yo. Biznis ki esansyèl yo, jan [direktiv](#) Kòporasyon Devlopman Empire State (Empire State Development Corporation, ESD) defini yo, pa te sijè a limitasyon an pèsòn, men yo te, sepandan, jwenn lòd pou yo konfòme yo anba oryantasyon ak direktiv ki sòti nan Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la ki mande pou yo kenbe yon anviwònman travay ki pwòp epi sekirize, epi te rekòmande pou kenbe mezi distans sosyal yo. ESD deziyen gadri kòm yon sèvis esansyèl.

Nan dat 12 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye [Dekrè Egzekitif 202.16](#), ki òdone biznis esansyèl yo bay anplwaye ki prezan nan espas travay yo, yon kouvèti vizaj, san peye, ki dwe itilize lè yo an kontak dirèk ak kliyan oswa manm ki nan piblik la pandan y ap travay. Nan dat 15 avril 2020, Gouvènè Cuomo te

pibliye [Dekrè Egzekitif 202.17](#), ki òdone ke nenpòt moun ki gen pase dezan e ki kapab tolere yon kouvèti vizaj dwe kouvri nen ak bouch yo ak yon mask oswa yon twal lè yo nan yon espas piblik epi yo pa ka kenbe, oswa lè yo p'ap kenbe, distans sosyal yo. Nan dat 16 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye [Dekrè Egzekitif 202.18](#), ki òdone ke tout moun k'ap itilize transpò piblik oswa prive oswa lòt veyikil lokasyon, ki gen plis pase dezan e ki ka tolere yon kouvèti vizaj, dwe mete mask oswa kouvèti vizaj ki kouvri depase nen an ak bouch la pandan vwayaj sa a.. Li òdone tou nenpòt operatè oswa chofè transpò piblik oswa prive pou mete yon pwoteksyon figi oubyen mask ki kouvri nen an ak bouch la pandan gen pasaje nan veyikil sa a. Nan dat 29 me 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye [Dekrè Egzekitif 202.34](#), ki otorize dirijan / pwopriyetè biznis ki gen otorite yo pou refize aksè pou moun ki pa respekte egzijans kouvèti vizaj oswa mask la. Konsa, ekip gadri ak kan lajounen an gen obligasyon pou mete pwoteksyon figi toutan pandan y ap pran swen oswa pandan y ap entèraji ak timoun yo. Sa aplike pou tout modalite yo, menm pou sila yo k ap bay swen nan pwòp rezidans yo.

Nan dat 26 avril 2020, Gouvènè Cuomo te anonse yon apwòch pa faz pou re-ouvri endistri ak biznis yo nan New York nan faz ki baze sou yon analiz rejyonal apati done yo. Nan dat 4 me 2020, Gouvènè a te prevwa ke analiz rejyonal la ap konsidere plizyè faktè sante piblik, ki gen ladan nouvo enfeksyon COVID-19 yo, ansanm ak sistèm swen sante, tèl dyagnostik ak kapasite rechèch kontak yo. Nan dat 11 me 2020, Gouvènè Cuomo te anonse ke premye faz re-ouvèti a ap kòmanse nan dat 15 me 2020 nan plizyè rejyon nan New York, sou baz metrik ak endikatè rejyonal ki disponib yo. Nandat 29 me 2020, Gouvènè Cuomo te anonse ke dezyèm faz re-ouvèti a ap kòmanse nan plizyè rejyon nan eta a epi te anonse itilizasyon yon nouvo tablodò avètisman bonè ki ajoute efò gwo koleksyon done eta a pou Nouyòkè yo, responsab gouvènman ak ekspè yo kontwòle ak revize fason viris la ap konfine pou asire yon re-ouvèti san danje. Nan dat 2 jen 2020, Gouvènè Cuomo te anonse ke kan dete lajounen yo ka ouvri nan tout eta a nan dat 29 jen 2020.

Nòt Enpòtan: Timoun/kanpè ki piti yo (sa vle di, sila yo ki poko nan kindègadenn) pa bezwen mete pwoteksyon figi lè yo nan etablisman oswa zòn pwogram gadri oswa kan lajounen an. Nou ankouraje timoun/kanpè ki pi gran yo men yo pa oblije mete pwoteksyon figi nan mezi posib. Pwoteksyon figi yo pa dwe itilize pou timoun ki gen mwens pase 2 ane oswa pou nenpòt moun ki pa kapab sipòte pwoteksyon sa yo medikalman, ki gen ladan timoun/kanpè kote pwoteksyon sa ap afekte sante oswa sante mantal yo oswa kote pwoteksyon sa a ap kreye yon pwoblèm, distraksyon oswa anpèchman pou pwogram gadri oswa kan lajounen an.

Anplis de sa, espas anplennè ki apateni ak/oswa ke pwogram gadri oswa kan lajounen an itilize esklizivman pa konsidere kòm piblik pou rezon ki nan direktiv sa a. Timoun/kanpè yo pa oblije mete yon pwoteksyon figi lè y ap itilize espas anplennè ak/oswa lè pwogram gadri oswa kan lajounen an esklizivman itilize li. Pwogram gadri ak kan lajounen yo ki gen aksè ak yon pisin dwe respekte direktiv Eta ak DOH yo konsènan pisin yo.

Mete sou nòm sa yo, pwopriyetè/operatè pwogram gadri ak kan lajounen yo dwe kontinye konfòme ak oryantasyon ak direktiv sa yo pou kenbe anviwònman travay yo pwòp ak sekirize ke DOH te pibliye.

Tanpri sonje kote oryantasyon nan dokiman sa diferan ak oryantasyon Eta New York pibliye oswa antite lisans oswa siveyans respektif la, tankou Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi (Office of Children and Family Services, OCFS) nan Eta New York, DOH oswa Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York, se dènye oryantasyon an ki dwe aplike.

Nòm pou Pwogram Gadri ak Kan Lajounen ki Responsab k ap Fonksyone nan Eta New York:

Pa gen okenn pwogram gadri oswa kan lajounen ki ka fonksyone san respekte minimòm nòm sa yo nan Eta a, ansanm ak egzijans federal aplikab, ki gen ladan, men ki pa limite ak sa, nòm minimòm Lwa sou

Ameriken Andikape yo (Americans with Disabilities Act, ADA), Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC), Ajans Pwoteksyon Anviwònman (Environmental Protection Agency, EPA), ak Administrasyon Depatman Sekirite ak Sante nan Travay (Occupational Safety and Health Administration, OSHA) Depatman Travay (Department of Labor) Etazini an.

Nòm Eta a ki gen nan oryantasyon sa a aplike pou pwogram gadri ak kan lajounen k ap fonksyone pandan ijans sante piblik COVID-19 la jiskaske Eta a anile oswa modifiye yo. Pwopriyetè/operatè/manadjè gadri oswa kan lajounen an oswa yon lòt pati jan pwopriyetè/operatè/manadjè gadri oswa kan lajounen ka deziyen li (nan nenpòt ka a, "Pati Responsab yo") dwe responsab pou respekte nòm sa yo.

Oryantasyon sa a òganize sou twa kategori diferan: moun, espas, ak pwosesis.

I. Moun

A. Distans Fizik

- Pati Responsab yo dwe asire ke anplwaye yo kenbe omwen yon distans sis pye de lòt anplwaye yo toutan, amwenske sekirite oswa aktivite prensipal la egzijè yon distans ki pi kout (egz. pran swen yon timoun oswa reponn ak bezwen yon kanpè ansanm). Sepandan, nan nenpòt moman ke anplwaye yo gen yon distans ki mwens pase sis pye youn de lòt, yo dwe mete pwoteksyon figi ki akseptab.
 - Pwoteksyon figi akseptab pou COVID-19 la yo se, men yo pa limite a sa sèlman, pwoteksyon figi ki fèt ak twal ak mask jetab ki kouvri ni bouch ni nen an.
 - Men, pwoteksyon figi ki fèt ak twal, ki ka jete, oswa lòt pwoteksyon figi ki fèt lakay yo pa pwoteksyon figi ki akseptab pou aktivite nan espas travay ki egzijè yon nivo pwoteksyon ki pi wo pou ekipman pwoteksyon pèsònèl (PPE) akòz nati travay la. Pou aktivite sa yo, respiratè N95 oswa lòt ekipman pou pwoteksyon pèsònèl (personal protective equipment, PPE) ke yo itilize nan kad nòm endistri ki egziste yo dwe kontinye itilize, jan sa defini an akò direktiv OSHA yo.
- Pati Responsab yo dwe asire ke anplwaye yo mete pwoteksyon figi toutan lè y ap entèraji ak timoun oswa kanpè yo, kèlkeswa distans ant anplwaye ak timoun/kanpè yo.
- Pati Responsab yo dwe asire ke anplwaye ak gwoup timoun/kanpè yo osi fiks ke posib nan gen menm gwoup timoun/kanpè ki rete avèk menm ekip la nenpòt la ak nenpòt kote sa posib. Gwosè gwoup la dwe limite ak pa plis pase kenz (15) timoun oswa kanpè, amwenske gen yon ti gwoup reglemante ki aplike (egz. nourison, bebe). Restriksyon sou gwosè gwoup la pa aplike pou anplwaye/ ekip la.
 - Pati Responsab yo dwe limite gwoup yo ak 15 oswa mwens timoun/kanpè, sof pou anplwaye/ ekip, nan yon zòn espesifik (egz. sal) nenpòt lè a.
 - Pati Responsab yo dwe asire ke plizyè gwoup estab ki gen jiska 15 timoun/kanpè pa gen kontak oswa gen ti kontak youn ak lòt oswa pa itilize espas komen an menm tan, nan tout mezi sa posib.
 - Pati Responsab yo dwe kenbe yo plan efektiv ki pa egzijè pou anplwaye yo ap fè "ale vini" ant plizyè salklas oswa gwoup timoun, amwenske wotasyon sa nesèsè pou byen sipèvizè timoun/kanpè yo akòz sikonstans enprevizib (egz. absans pèsònèl).
 - Si Pati Responsab yo dedye tan pou timoun/kanpè yo pou repoze pandan jounen an (egz. kabicha), Pati Responsab yo dwe mete timoun/kanpè yo nan distans omwen sis pye.
- Pati Responsab yo ka modifiye itilize ak/oswa diminye kantite espas travay yo ak syèj anplwaye yo, pou anplwaye yo ka nan omwen distans sis pye nan tout direksyon (egz. kòt a kòt ak lè yo fas a fas)

epi pou yo pa pataje espas travay san yo pa netwaye oswa dezenfekte apre yo fin itilize. Lè distans pa posib ant espas travay yo, Pati Responsab yo dwe bay epi egzije itilizasyon pwoteksyon figi oswa baryè fizik, (egz. mi pwoteksyon an plastik, nan plas pwoteksyon figi nan espas kote sa p ap anpeche lè sikile, chalè, frechè, oswa van).

- Si yo itilize, yo dwe mete baryè fizik yo konfòmman ak direktiv OSHA yo.
- Chwa pou baryè fizik yo ka gen ladan: rido ak bann, kabin, pleksiglas oswa materyèl ki sanble, oubyen lòt separatè oswa klwazon enpèmeyab.
- Pòs travay pataje (egz. "biwo pou plizyè anplwaye) dwe netwaye ak dezenfekte ant itilizatè yo.
- Pati Responsab yo dwe entèdi itilizasyon ti espas (egz. plaka founiti, zòn depo, veyikil, kwizin oswa twalèt) pa plis pase yon anplwaye alafwa amwenske anplwaye yo nan espas sa a itilize pwoteksyon figi an menm tan. Sepandan, menm si gen pwoteksyon figi, pa dwe gen plis pase 50% nan kapasite maksimòm espas oswa veyikil la ki itilize amwenske li fèt pou yon sèl moun itilize. Pati Responsab yo dwe ogmante vantilasyon avèk lè deyò a nan tout mezi posib, amwenske sikilasyon lè sa poze yon risk pou sekirite oswa sante (egz. pèmèt polen antre oswa egzajere sentòm opresyon) pou timoun oswa kanpè k ap itilize etablisman an.
- Pati Responsab yo dwe pran mezi anplis pou anpeche rasanbleman nan zòn datant asansè yo epi limite dansite nan asansè yo, tankou pèmèt itilizasyon eskalye yo.
- Pati Responsab yo dwe pran mezi pou diminye sikilasyon a pye nan tou de direksyon pandan y ap itilize riban oswa pano ak flèch nan ale ki piti, koulwa oswa espas yo, epi mete siyalizasyon ak makè distans ki endike espas sis pye nan tout espas ki itilize souvan ak nenpòt espas ki gen liy ki fèt souvan oswa kote moun ka rasanble (egz. vestibil nan gwo etablisman pandan depo ak ranmasaj).
- Pati Responsab yo dwe pran mezi sou pwosedi pou depoze ak pase pran timoun/kanpè pou pèmèt distans sosyal egzak sis pye ant paran/responsab legal ak anplwaye yo.
 - Paran/responsab legal yo pa otorize pou pase yon kantite tan ekseksif nan gadri oswa etablisman kan lajounen an.
- Pati Responsab yo dwe konsidere repati lè rive ak pou depoze yo.
 - Pati Responsab yo dwe konsidere, lè sa posib, pou gen ekip la ki resevwa timoun oswa kanpè a nan men paran/responsab legal la nan kòmansman jounen an epi mennen timoun oswa kanpè a bay paran/responsab legal la nan fen jounen an, pou paran/responsab legal yo pa bezwen antre nan etablisman oswa zòn pwogram lan.
- Pati Responsab yo dwe devlope estrateji pou limite kantite paran/responsab legal ki nan etablisman oswa zòn pwogram lan nan nenpòt lè a.
- Pati Responsab yo dwe mete pano, ki an akò ak siyalizasyon DOH pou COVID-19 la. Pati Responsab yo ka devlope pwòp siyalizasyon pa yo ki espesyal pou espas travay yo a oswa anviwònman, depi siyalizasyon an an akò ak siyalizasyon Depatman an. Siyalizasyon an dwe itilize pou raple anplwaye yo pou:
 - Kouvri nen ak bouch yo ak yon mask oswa pwoteksyon figi an twal.
 - Byen sere ak, lè sa nesèsè, jete PPE.
 - Respekte prensip distans fizik la.
 - Rapòte sentòm oswa ekspozisyon ak COVID-19 la, epi kòman yo dwe fè sa.
 - Swiv direktiv pou ijyèn men, netwayaj ak dezenfeksyon.

- Swiv bon ijyèn respiratwa ak etikèt pou tous.

B. Pran Swen Timoun Piti ou yo

- Rekonèt ke kenbe distans sosyal pa posib lè w ap pran swen timoun piti, Pati Responsab yo dwe pran mezi prevantif pou anplwaye/ ekip yo a k ap pran swen timoun piti ak kanpè yo pandan pandemi COVID-19 la, ki gen ladan:
 - Ijyèn men souvan ak konplè pou ni ekip ni timoun/kanpè yo.
 - Anplwaye yo ka konsidere mete yon chemiz oswa blouz manch long ki boutonnen e ki byen laj epi mete cheve long yo pa deyò kole a tankou ke cheval oswa lòt chiyon. Chemiz oswa blouz yo dwe lave oswa blanchi apre itilizasyon oswa nenpòt lè yo sal.
 - Lè yon timoun sal ak sekresyon (sa gen ladan bave), anplwaye yo dwe chanje chemiz oswa blouz boutonnen an epi lave nenpòt kote ki te touche ak sekresyon timoun lan (egz. kou oswa men).
 - Nenpòt lè yon timoun sal ak sekresyon, chanje rad timoun lan epi, lè sa nesèsè, netwaye timoun lan (egz. lave men ak bra).
 - Timoun ki nan pwogram gadri oswa kan lajounen dwe gen plizyè rad pou chanje sou men nan etablisman oswa zòn pwogram lan. Pati Responsab yo dwe fè efò pou gen rad pou chanje disponib pou timoun ki swa pa gen rad anplis oswa ki te itilize rad anplis yo, nan mezi posib.
 - Rad ki kontamine yo dwe mete nan yon sachè plastik epi voye lakay pou lave, oswa lè sa posib, lave yo sou plas.
 - Lè n ap mete kouchèt/bay asistans pou twalèt, mete gan, lave men (ekip ak timoun) epi swiv mezi netwayaj ak dezenfeksyon ant chak timoun.
 - Ale ak direktiv CDC yo, "[Direktiv Anplis pou Gadri](#)" (Supplemental Guidance for Child Care) pou jwenn enfòmasyon anplis.

C. Pwogram Gadri ak Aktivite Kan

- Pati Responsab yo dwe priyore aktivite pwogram yo ki maksimize distans sosyal (egz. ti kontak ant moun) nan tout etablisman ak zòn pwogram gadri ak kan yo.
- Pou pisin ak aktivite nan dlo, Pati Responsab yo dwe:
 - Asire ou pa gen pwoteksyon figi pandan ou nan dlo a;
 - Kenbe gwoup timoun/kanpè estab yo separe;
 - Ankouraje aktivite nan dlo kote ekip la ka sipèvizè san danje timoun/kanpè ki pi gran yo nan dlo a san yo pa bezwen nan dlo a yo menm kont aktivite ki mande pou ekip la nan dlo a ak timoun/kanpè yo;
 - Asire bon distans sosyal respekte, nan mezi sa posib; epi
 - Amelyore pwotokòl netwayaj ak dezenfeksyon yo.
 - Ale nan direktiv CDC yo, "[Konsiderasyon pou Zouti Piblik, Benwa Cho ak Teren pou Jwèt nan Dlo pandan COVID-19](#)" (Considerations for Public Pools, Hot Tubs, and Water Playgrounds During COVID-19) pou enfòmasyon anplis.

- Pou aktivite espò ak atletik, Pati Responsab yo dwe:
 - Kenbe gwoup timoun/kanpè estab yo separe;
 - Konsantre sou aktivite ki san oswa ki gen ti kontak fizik (egz. kous oswa randone); epi
 - Ankouraje espò ki enplike mwens pwoksimitè fizik sou sila yo ki mande kontak pwòch ki enplike ekipman pataje ak materyèl ki pa ka netwaye ak dezenfekte apre itilizasyon.
 - Ankouraje aktivite ki gen mwens risk tankou akizisyon konpetans ak kondisyonman endividyèl oswa nan ti gwoup sou sila ki lakòz plis kontak ak plis risk, tankou jwèt.
 - Amelyore pwotokòl netwayaj ak dezenfeksyon yo.
 - Ale nan direktiv CDC yo, "Konsiderasyon pou Espò pou Jèn" (Considerations for Youth Sports) pou jwenn enfòmasyon anplis.
- Pou sèvis manje, Pati Responsab yo dwe:
 - Sèvis pòsyon endividyèl pou timoun/kanpè yo;
 - Kenbe gwoup timoun/kanpè estab yo separe;
 - Konsidere repati lè manje yo pou redui ranplisaj nan espas fèmèn oswa rasanbleman nan espas anplennè; epi
 - Tab separe ki gen chèz ki nan omwen sis pye distans youn de lòt, jan sa posib.
- Pou randone oswa sòti yo, Pati Responsab yo dwe dekouraje sòti edikatif lwen pwogram gadri oswa kan lajounen yo (egz. sòti edikatif).
 - Sepandan, si gen transpò, Pati Responsab yo dwe fè tout efò posib pou kenbe gwoup timoun/kanpè estab yo nan machin yo.
 - Nan nenpòt lè kote gwoup timoun/kanpè yo dwe melanje nan yon machin, Pati Responsab yo dwe asire plas moun yo, ki gen ladan anplwaye ak timoun/kanpè yo, dwe ranje yon fason pou maksimize distans ant plizyè gwoup timoun/kanpè ak anplwaye yo.
 - Pati Responsab yo dwe asire tout moun, ki gen ladan chofè, anplwaye ak timoun/kanpè yo ki gen plis pase de ane epi ki medikalman kapab sipòte yon pwoteksyon figi, dwe mete pwoteksyon figi.
 - Resonsab Pati yo dwe asire ke lè timoun/kanpè yo ap monte machin lan, yo ranpli plas yo depi dèyè rive devan, lè sa posib.
 - Pati Responsab yo dwe ogmante vantilsyon, lè tan an pèmèt sa, nan nenpòt machin lan (egz. ouvri trap pa anlè otobis yo oswa ouvri fenèt yo) jan chofè oswa operatè/manadjè pwogram lan decide sa.
- Nan jou lapli yo oswa nan move tan, Pati Responsab yo dwe konsidere prepare kapasite pou pwogram oswa aktivite a ki pèmèt bon distans sosyal ant gwoup timoun/kanpè estab yo, lè, akòz tan an, gwoup yo dwe rete anndan oswa anbaabri (egz. tant pak yo).

D. Rasanbleman nan Espas Fèmen

- Pati Responsab yo dwe limite gwoup yo ak 15 oswa mwens timoun/kanpè, sof anplwaye/ ekip, nan yon zòn espesifik nan nenpòt lè.
- Pati Responsab yo dwe pran mezi rezonab pou rekonfigire espas pou limite dansite sal yo ak 15 oswa mwens timoun/kanpè.
- Pati Responsab yo dwe asire ke plizyè gwoup estab ki gen jiska 15 timoun/kanpè pa gen kontak oswa gen ti kontak youn ak lòt oswa pa itilize espas komen an menm tan, nan tout mezi sa posib.
- Antite ki Responsab yo dwe limite rasanbleman anplwaye an pèsòn yo (egz. poz, reyinyon) nan tout mezi posib, epi yo dwe itilize lòt metòd tankou konferans nan videyo oswa telefòn nenpòt lè sa posib, konfòmman ak direktiv CDC "Direktiv Pwovizwa pou Biznis ak Patwon Travay yo pou Planifye epi Fè Entèkansyon pou Maladi Kowonaviris 2019 (COVID-19)" (Interim Guidance for Businesses and Employers to Plan and Respond to Coronavirus Disease 2019 (COVID-19)). Lè videyokonferans oswa telekonferans pa posib, Pati Responsab yo dwe fè reyinyon ak anplwaye/ ekip nan espas ouvri, ki gen bon lè epi asire ke moun yo kenbe sis pye distans sosyal ant youn ak lòt (egz. si gen chèz, kite espas nan mitan chèz yo, fè moun yo chita nan chèz altène).
- Pati Responsab yo dwe kenbe reyinyon anplwaye an pèsòn yo kout epi minimize kantite patisipan pandan y ap respekte règ distans sosyal yo.
- Pati Responsab yo dwe konsidere limite aksè ak oswa fèmen ekipman ki pa esansyèl ak zòn kolektif ki ankouraje rasanbleman oswa manyen anpil (egz. distribitè otomatik, machin kafe kolektif yo).
- Pati Responsab yo dwe mete an plas pratik pou bon distans sosyal nan espas konfine, tankou twalèt ak sal repo, ak siyalizasyon ak sistèm (egz. siyale lè li okipe) pou limite kantite moun lè distans sosyal pa ka respekte nan espas sa yo; epi
- Pati Responsab yo dwe repati orè pou anplwaye yo obsève distans sosyal la (sa vle di, sis pye espas) pou nenpòt rasanbleman (egz: poz kafe, repa ak ekip pou kòmanse/fini)

E. Aktivite nan Espas Travay

- Pati Responsab yo dwe pran mezi pou redui kontak entèpèsònèl ak kongregasyon an, atravè metòd tankou:
 - limite prezans moun pou sèlman sila ki nan ekip la ki nesèsè pou sou sit la;
 - ajiste lè espas travay yo;
 - redui mendèv ki sou plas yo pou respekte direktiv distans sosyal yo;
 - konsevwa peryòd travay (egz. ekip A/B, repati lè rive/depa);
 - priyore aktivite ki pèmèt distans sosyal (egz. aktivite ekip/salklas ki pi piti) sou sila yo ki pa pèmèt sa (egz. aktivite ki enplike plizyè ekip oswa gwoup timoun diferan); epi/oswa
 - evite ekip gadri oswa kan lajounen ki miltip k ap travay nan yon sèl zòn nan repati aktivite ki gen orè ak itilize pano pou endike zòn ki okipe yo.

F. Mouvmman ak Kòmès

- Pati Reponsab yo dwe entèdi vizitè ki pa esansyèl yo sou sit la, nan mezi sa posib.

- Pati Responsab yo dwe etabli espas ki deziyen pou ranmasaj ak livrezon, pandan y ap limite kontak yo toutan sa posib.
 - Pati Responsab yo dwe asire anplwaye/ekip yo pratike ijyèn men anvan ak apre transfè yon livrezon (egz. pratik ijyèn men anvan yo kòmanse chaje atik yo; epi yon fwa tout atik yo te fin chaje, fini nan pratike ijyèn men ankò).
- Pati Responsab yo dwe limite entèraksyon sou sit la (egz. deziyen zòn pou anplwaye kite ekip yo ak yon zòn apa pou anplwaye yo kòmanse ekip yo, deziyen yon antre ak sòti pou paran/responsab legal/moun k ap bay swen pou depoze/pase pran timoun yo) ak mouvman yo (egz. anplwaye yo dwe rete toupre zòn deziyen yo osi souvan posib).
- Lè sa posib, Pati Responsab yo dwe limite kantite antre pou (1) jere kantite moun nan etablisman an ak (2) fasilite depistaj sante, jan sa dekri anba a, pandan y ap respekte konfòmite ak dife ak lòt règleman sekirite.
 - Devlope yon plan pou moun yo kenbe distans sosyal sis pye pandan y ap tann anndan oswa deyò etablisman an oswa sit pou depistaj la, lè sa aplikab.

II. ESPAS

A. Ekipman Pwoteksyon

- Anplis de PPE nesèsè jan kèk aktivite gadri ak kan lajounen egzije sa, Pati Responsab yo dwe chèche, fabrike oswa jwenn pwoteksyon figi akseptab ak bay pwoteksyon sa yo pou anplwaye yo pandan yo nan travay gratis pou anplwaye a. Yon founiti pwoteksyon figi, mask ak lòt PPE obligatwa apwopriye dwe disponib nan ka yon anplwaye bezwen yon ranplasman. Pwoteksyon figi akseptab yo gen ladan, men pa limite ak, mask an twal (egz. ki koud lakay, mòso rad, foula) mask operasyon, respiratè N95 ak ekran pou figi.
 - Pati Responsab yo dwe travay ak nenpòt antite kote yo te kontrakte pou dakò sou kiyès ki pral bay PPE ak kontraktè oswa vandè ki fizikman prezan sou sit la.
- Pwoteksyon figi yo dwe netwaye oswa ranplase apre itilizasyon epi pa ka pataje. Tanpri konsilte direktiv CDC a pou plis enfòmasyon sou pwoteksyon figi an twal ak lòt kalite ekipman pwoteksyon pèsònèl (PPE), ansanm ak enstriksyon sou itilizasyon ak netwayaj.
- Pati Responsab yo dwe pèmèt anplwaye yo itilize pwoteksyon figi akseptab pa yo men yo pa ka egzije anplwaye yo bay pwòp pwoteksyon figi yo a. Anplis, konsèy sa a p'ap anpeche anplwaye mete pwòp kouvèti pwoteksyon pa yo (egz: mask pou operasyon, respiratè N95, oswa pwoteksyon figi), oswa si Pati Responsab yo egzije anplwaye yo mete plis pwoteksyon PPE akòz nati travay yo a. Anplwaye yo ta dwe konfòme ak tout nòm aplikab OSHA yo.
- Pati Responsab yo dwe fòme anplwaye yo sou kijan pou byen mete, retire, netwaye (si sa nesèsè), ak jete PPE, ki gen ladan men sa pa limite ak, pwoteksyon figi apwopriye.
- Pati Responsab yo dwe pran mezi rezonab pou limite pataj objè, tankou ekipman elektwonik, materyèl atizay ak atizana, ekran taktil ansanm ak touch sifas moun pataje; oswa, egzije travayè yo mete gan (apwopriye pou komès oswa medikal) lè yo an kontak ak objè pataje oswa sifas moun manyen souvan; oswa, egzije travayè yo ak timoun/kanpè yo dezenfekte men yo avan ak apre kontak.

- Pati Responsab yo dwe konsidere enstale baryè fizik nan biwo resepsyon ak sekirite yo.
 - Jan sa mansyone anwo a, baryè fizik yo (egz. pleksiglas oswa materyèl similè) dwe enstale an akò ak direktiv OSHA.

C. Ijyèn, Netwayaj ak Dezenfeksyon

- Pati Responsab yo dwe asire respè egzijans ijyèn ak asenisman yo jan CDC ak DOH te mande sa, ki enkli "Konsiy pou Netwaye ak Dezenfekte Etablisman Piblik ak Prive yo pou COVID-19" (Guidance for Cleaning and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19), ak postè "SISPANN PWOPAGASYON AN" (STOP THE SPREAD), jan sa aplikab. Pati Responsab yo dwe kenbe rejis ki gen ladan dat, lè, ak anvègi netwayaj ak dezenfeksyon an.
- Anplwaye/ekip ak timoun/kanpè yo dwe pratike ijyèn pou men touswit yo antre nan pwogram lan.
- Pati Responsab yo dwe bay e kenbe estasyon ijyèn men nan espas la, konsa:
 - Pou lave men: savon, dlo cho k ap koule, ak sèvyèt papye ki ka jete.
 - Pou dezenfekte men: yon dezenfektan pou men a baz alkòl ki gen pou pi piti 60% alkòl pou espas kote lave men ka pa disponib oswa pratik.
 - Mete dezenfektan pou men disponib nan zòn komen yo sou sit la. Nou dwe mete li nan lokal ki konvenab, tankou nan antre, sòti, asansè ak biwo sekirite/resepsyon.
- Pati Responsab yo dwe mete siyalizasyon toupre estasyon dezenfektan pou men yo ki endike ke men ki byen parèt sal dwe lave avèk savon ak dlo; dezenfektan pou men pa efikas sou men ki byen parèt sal.
- Pati Responsab yo dwe mete resipyan alantou etablisman an pou jete atik ki sal yo, ki gen ladan PPE.
- Pati Responsab yo dwe egzije timoun ak ekip yo pou pratike ijyèn men:
 - Lè yo rive nan premye aktivite pwogram lan;
 - Ant tout pwogram aktivite a;
 - Apre nou soti nan twalèt;
 - Anvan nou manje; epi,
 - Anvan nou kite dènye aktivite pwogram lan.
- Pati Responsab yo dwe bay founiti netwayaj ak dezenfeksyon apwopriye pou sifas pataje ak ki manyen souvan (egz. manch pòt, pwomnè ki gen plizyè plas, ranp pou men, jwèt, founiti atizay, zòn kote timoun manje) epi ankouraje anplwaye yo itilize founiti ki swiv enstriksyon fabrikan an pou itilize anvan ak apre itilizasyon sifas sa yo, apresya pou netwaye men yo.
- Pati Responsab yo dwe fè netwayaj ak dezenfeksyon regilye sit la ak netwayaj pi souvan pou espas ki gen gwo risk (egz. zòn komen, manch pòt, ranp pou men, twalèt, kwizin) plizyè moun itilize ak espas moun manyen souvan. Netwayaj ak dezenfeksyon dwe byen fèt ak kontinyèl, epi dwe fèt pou pi piti apre chak ekip travay, chak jou, oswa pi souvan dapre bezwen. Tanpri konsilte "Konsiy Pwovizwa pou Netwaye ak Dezenfekte Etablisman Piblik ak Prive yo pou COVID-19" (Interim Guidance for Cleaning and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19) DOH yo pou kapab jwenn enstriksyon ki detaye sou jan pou netwaye etablisman epi dezenfekte etablisman yo.
 - Pati Responsab yo dwe asire netwayaj ak dezenfeksyon twalèt yo regilyèman. Twalèt yo dwe netwaye ak dezenfekte pi souvan tou depann de nivo yo itilize yo.

- Pati Responsab yo dwe asire règ sou distans sosyal yo respekte nan itilize siyalizasyon makè okipe oswa lòt metòd pou redui kapasite twalèt lè sa posib.
- Pati Responsab yo dwe asire ke ekipman ak jwèt yo netwaye ak dezenfekte regilyèman nan itilize dezenfektan ki anrejistre, tanpri konsilte [lis pwodui](#) Depatman Konsèvasyon Anviwònman (DEC) ki anrejistre nan Eta New York epi ke EPA idantifye kòm efikas kont COVID-19.
- Pati Responsab yo dwe aplike mezi ki anpeche timoun/kanpè yo itilize jwèt ki pa ka netwaye/dezenfekte (egz. jwèt pelich, rad degizman, poupe).
 - Pati Responsab yo dwe ankouraje anpil timoun yo pou pa pote jwèt sòti lakay yo. Si yo ta pote yon jwèt nan gadri oswa etablisman oswa zòn kan lajounen an ki sòti lakay, Pati Responsab yo dwe asire timoun yo pa pataje jwèt la ak lòt yo.
- Pati Responsab yo dwe aplike mezi pou limite pataj atik pèsònèl ant timoun/kanpè yo nan kenbe zafè chak timoun oswa kanpè. Separe de lòt ak nan resipyan oswa zòn ki idantifye endividyèlman ak asire yo pote yo lakay ak netwaye ak dezenfekte regilyèman, nan mezi posib.
- Pou pwogram gadri oswa kan lajounen yo ki bay yon peryòd repo (egz. kabicha) pou timoun oswa kanpè yo, Pati Responsab yo dwe mete disponib kouvèti kabann endividyèl ki pwòp pou chak timoun/kanpè ki bezwen yon peryòd repo. Dra, ki se pati ki ka retire ak lave nan anviwònman pou dòmi an, pa dwe pataje ant timoun yo amwenske yo pwòp ak dezenfekte. Sifas pou dòmi yo, ki gen ladan dra, pa dwe antre an kontak ak sifas pou dòmi ak ekipman repo yon lòt timoun pandan yo sere. Matla ak bèso yo dwe sere yon fason pou sifas pou dòmi an pa touche lè yo anpile.
- Si pwodui netwayaj oswa dezenfeksyon oswa aksyon netwayaj ak dezenfeksyon an koze pwoblèm sekirite oswa degrade materyèl oswa ekipman elektwonik, Pati Responsab yo dwe mete anplas estasyon ijyèn men ant itilize ak/oswa founi gan ki ka jete ak/oswa limitasyon sou kantite anplwaye k ap itilize ekipman elektwonik sa yo.
- Pati Responsab yo dwe fè netwayaj ak dezenfeksyon espas ki ekspozè nan ka yon anplwaye konfime pozitif pou COVID-19 la, yon netwayaj ak dezenfeksyon konsa ki pou genyen, omwen, tout espas moun frekante ak sifas moun touche anpil (egz. distribitè otomatik, ranp pou men, manch pòt).
- Direktiv CDC pase sou "[Netwayaj ak Dezenfeksyon Etablisman ou an](#)" (Cleaning and Disinfecting Your Facility) si yo te sispèk yon moun oswa te konfime yon moun ki gen enfeksyon COVID-19 yo jan nou pral site la:
 - Fèmen zòn moun ki sispèk oswa konfime ki gen COVID-19 itilize ki malad.
 - Zòn afekte yo dwe fèmen ak netwaye ak dezenfekte.
 - Espas bilding pataje yo ke moun itilize dwe fèmen tou, netwaye ak dezenfekte (egz. asansè, gwo ale, espas komen anplennè).
 - Ouvri pòt ak fenèt pa deyò yo pou ogmante sikilasyon lè nan zòn lan, nan mezi posib pandan n ap kenbe tout nòm estanda ak sekirite.
 - Tann 24 èdtan anvan ou netwaye oswa dezenfekte. Si 24 èdtan pa posib, tann tout tan w kapab.
 - Netwaye ak dezenfekte tout espas moun sispèk oswa konfime a te itilize pou COVID-19 ki malad, tankou biwo, twalèt, espas komen, ak ekipman ki te pataje.
 - Depi espas la fin byen netwaye ak dezenfekte, li ka re-ouvri pou itilize.

- Anplwaye ki pa te gen kontak pwòch oswa dirèk ak moun sispèk oswa konfime ki gen COVID-19 ki malad la ka retounen nan espas travay la touswit apre netwayaj ak dezenfeksyon.
- Ale nan "[Direktiv Pwovizwa pou Anplwaye Piblik ak Prive k ap Retounen nan Travay Apre Enfeksyon oswa Ekspozisyon ak COVID-19](#)" (Interim Guidance for Public and Private Employees Returning to Work Following COVID-19 Infection or Exposure) pou jwenn enfòmasyon sou kontak "pwòch" oswa "dirèk" yo.
- Si plis pase sèt jou pase depi moun ki malad ki te sispèk oswa konfime ki gen COVID-19 la te vizite oswa itilize etablisman an, pa bezwen gen netwayaj ak dezenfeksyon anplis, men netwayaj ak dezenfeksyon ki te konn fèt yo dwe kontinye.
- Pati Responsab yo dwe entèdi manje ak bwason pataje (egz. repa nan estil bifè) pami anplwaye yo. Si ekip la manje apa de timoun yo, Pati Responsab yo dwe ankouraje ekip la pote yo sòti lakay epi rezève ase espas pou anplwaye yo obsève distans sosyal pandan y ap manje.

D. Re-ouvèti Pa Faz

- Nou ankouraje Pati Responsab yo pou fè aktivite re-ouvèti yo pa faz pou ka pèmèt pwoblèm operasyonèl yo rezoud avan pwodiksyon oswa aktivite travay yo retounen nan nivo nòmal yo. Pati Responsab yo dwe konsidere limite kantite lè anplwaye yo, ak kantite timoun/kanpè ki disponib pou yo sèvi lè yo premye re-ouvri a pou ka bay operasyon yo kapasite pou ajiste ak chanjman yo.
- Pati Responsab yo dwe kontwòle absans ekip la epi dwe gen yon lis ekip sipò ki fòmè, jan sa posib.

E. Plan Kominikasyon

- Pati Responsab yo dwe afime ke yo te revize ak konprann direktiv sou endistri eta a te pibliye epi ke yo pral aplike yo.
- Pati Responsab yo dwe fòmè tout anplwaye ak ekip yo sou prekosyon aplikab yo ak règleman ki nan direktiv sa a swa a distans oswa an pèsòn, nan itilize distans sosyal apwopriye ak pwoteksyon figi ki obligatwa pou tout patisipan yo.
- Pati Responsab yo dwe fòmè ekip la sou fason pou sipòte devlopman timoun yo pou byen piblik ak konpòtman nan zafè endividyèl pou anpeche pwopagasyon COVID-19, ki gen ladan ijyèn men ak distans sosyal.
- Pati Responsab yo dwe deziyen yon manm ekip la pou responsab pou reponn ak preyoqipasyon sou COVID-19 yo. Anplwaye ak paran/responsab legal yo dwe konnen kiyès moun sa ye ak kijan pou kontakte li.
- Pati Responsab yo dwe kreye yon plan kominikasyon pou anplwaye, paran/responsab legal ak timoun/kanpè yo ki gen ladan enstriksyon, fòmasyon, siyalizasyon apwopriye, ak mwayen konsistan pou bay anplwaye yo enfòmasyon. Pati Responsab yo ka kreye pawèb, gwoup tèks ak imèl, ak rezo sosyal.
- Pati Responsab yo dwe ankouraje moun yo pou respekte direktiv CDC ak DOH konsènan itilizasyon PPE, espesyalman pwoteksyon figi, atravè kominikasyon ak siyalizasyon vèbal, jan sa nesèsè.

- Pati Responsab yo ta dwe mete siyalizasyon anndan tankou deyò etablisman an pou raple moun yo pou respekte bon ijyèn, règ sou distans sosyal yo, itilizasyon apwopriye PPE yo ak pwotokòl netwayaj ak dezenfeksyon yo.

III. PWOSESIS

A. Depistaj ak Tès

- Pati Responsab yo dwe òdone ekip la pou rete lakay si yo malad epi raple paran/responsab legal yo pou kenbe timoun/kanpè ki malad lakay.
 - Ekip ak paran/responsab legal yo dwe veye siy ak sentòm COVID-19 nan timoun/kanpè yo.
- Pati Responsab yo dwe aplike pratik depistaj obligatwa sou sante chak jou anplwaye ak vizitè yo a, tankou kontraktè ak vandè yo. Depistaj yo obligatwa tou pou timoun/kanpè yo, swa dirèkteman oswa atravè paran/responsab legal la.
 - Pratik depistaj yo ka fèt a distans (egz. nan telefòn oswa ankèt elektwonik), anvan moun lan vini nan pwogram gadri oswa kan lajounen an, nan mezi posib; oswa li ka fèt sou sit la.
 - Pou timoun/kanpè ki rive nan yon pwogram nan otobis ak pou anplwaye ki bay sipèvizyon sou otobis la, depistaj la dwe fèt anvan anbakman nan otobis la, lè sa posib.
 - Depistaj la dwe kowòdone pou anpeche anplwaye yo antre an kontak sere oswa pwòch ak youn lòt anvan depistaj la fini.
 - Omwen, depistaj la dwe fèt nan itilize yon kesyonè ki detèmine si moun lan te:
 - (a) gen konesans li antre an kontak sere oswa pwòch nan 14 jou jou pase yo ak nenpòt moun ki te teste pozitif pou COVID-19 oswa ki genyen oswa te genyen sentòm COVID-19.
 - (b) teste pozitif pou COVID-19 la nan 14 jou pase yo; ak/oswa
 - (c) eksperimante sentòm COVID-19 la nan 14 jou pase yo.
- Ale nan direktiv CDC sou "[Sentòm Kowonaviris](#)" (Symptoms of Coronavirus), pou enfòmasyon ki pi ajou sou sentòm ki asosye ak COVID-19.
 - Pati Responsab yo dwe egzije anplwaye yo pou fè enspeksyon vizyèl timoun/kanpè yo, pandan jounen an, pou sentòm maladi potansyèl COVID-19 la ki ta ka gen ladan machwè wouj, respirasyon rapid oswa difikilte pou respire (san pa te gen aktivite fizik), fatig oswa ajitasyon ekstrèm.
- Pati Responsab yo dwe egzije anplwaye ak paran/responsab legal yo pou devwale touswit si epi lè repons yo, oswa repons timoun/kanpè yo te bay, pou nenpòt nan kesyon ki mansyone anlè a yo ta chanje, tankou si yo kòmanse santi sentòm, ki gen ladan pandan oswa andeyò lè gadri oswa kan lajounen.
- Pwogram gadri oswa kan lajounen an dwe entèdi timoun, ekip ak paran/responsab legal yo antre sou sit la, oswa antre nan otobis sit la, si yo gen sentòm COVID-19.
- Anplis de kesyonè depistaj la, verifikasyon tanperati chak jou ka fèt tou dapre Komisyon sou Egalite Chans nan zafè Travay (Equal Employment Opportunity Commission) nan Etazini oswa direktiv DOH yo. Pati Responsab yo entèdi pou kenbe anrejistreman done sante anplwaye a (egz. done tanperati).

- Pati Responsab yo dwe asire ke nenpòt responsab k ap fè aktivite depistaj, ansanm ak verifye tanperati, yo pwoteje nòmalman kont ekspozisyon a moun ki enfekte oswa vizitè k ap chèche antre sou sit la. Responsab k ap fè aktivite depistaj yo dwe fòme pa moun anplwayè a idantifye ki abitye ak pwotokòl CDC, DOH, ak OSHA.
- Moun k ap fè depistaj yo ta dwe gen ak itilize PPE, ansanm ak omwen, yon mask figi, epi ak gan, yon blouz, ak/oswa yon pwoteksyon figi.
- Yon anplwaye, paran/responsab legal oswa timoun/kanpè ki depiste pozitif pou oswa afiche sentòm COVID-19 yo pa dwe gen aksè pou antre nan etablisman oswa zòn lan epi dwe voye li lakay li ak enstriksyon pou kontakte founisè swen sante li pou evalyasyon ak tès. Pati Responsab yo dwe alète touswit depatman sante lokal ak eta a konsènan ka a si rezilta tès la pozitif pou COVID-19.
 - Timoun oswa kanpè yo ke yo voye lakay akòz yon depistaj pozitif (egz. aparisyon sentòm COVID-19) dwe separe touswit de lòt timoun oswa kanpè yo epi sipèvizè jiskaske paran/responsab legal oswa kontak dijans li ka retire li nan etablisman oswa zòn pwogram lan.
 - Pati Responsab yo dwe bay anplwaye a enfòmasyon sou swen sante ak resous pou teste.
- Pati Responsab yo dwe ale nan "Direktiv Pwovizwa pou Anplwaye Piblik ak Prive k ap Retounen nan Travay Apre Enfeksyon oswa Ekspozisyon ak COVID-19" konsènan pwotokòl ak règleman pou anplwaye yo, paran/responsab legal oswa timoun/kanpè yo k ap chèche retounen nan travay oswa sou sit la apre yon ka COVID-19 ki sispèk oswa konfime oswa apre moun sa te gen kontak pwòch oswa dirèk ak yon moun ki te sispèk oswa konfime ak COVID-19.
- Pati Responsab yo dwe revize repons tout anplwaye ak paran/responsab legal ke yo te kolekte nan pwosesis depistaj la chak jou epi kenbe yon dosye pou revizyon sa yo. Pati Responsab yo dwe deziyen yon pwen kontak santral, ki ka varye selon aktivite, lokal, peryòd travay oswa jou, pou resevwa ak ateste te revize kesyonè tout anplwaye, paran/responsab legal ak timoun, kote kontak sa te idantifye tou kòm pati pou anplwaye ak vizitè yo pou enfòmasyon si yo santi sentòm ki gen rapò ak COVID-19, jan sa mansyone nan kesyonè a.
 - Pwen kontak ki idantifye pou sit la dwe prepare pou resevwa notifikasyon ka ki sispèk oswa pozitif ak kòmanse pwosedi netwayaj ak dezenfeksyon yo.
- Pati responsab yo dwe deziyen yon siveyans sekirite sit la kote responsablite yo gen ladan konfòmite ak tout aspè plan sekirite sit la, pou anplwaye yo.
- Nan mezi sa posib, Pati Responsab yo dwe kenbe yon rejis chak moun, ansanm ak anplwaye, paran/responsab legal, timoun ak nenpòt vizitè esansyèl ki ka gen kontak pwòch ak dirèk ak lòt moun sou sit travay la; san nou pa konsidere livrezon ki fèt nòmalman ak PPE oswa pa mwayen san kontak. Rejis la dwe gen enfòmasyon kontak, pou tout kontak ka idantifye, retrase epi alète si yon anplwaye, paran/responsab legal, timoun oswa vizitè ta dyagnostike ak COVID-19. Pati Responsab yo dwe kolabore ak efò rechèch kontak depatman sante lokal ak eta a.
- Nan ka yon paran/responsab legal yon timoun/kanpè nan pwogram gadri oswa kan lajounen dwe izole akòz li te teste pozitif pou, oswa te afiche sentòm, COVID-19, Pati Responsab yo dwe enfòmè paran/responsab legal a ke yo pa ka antre sou sit la pou okenn rezon, menm pandan peryòd pou pran timoun lan.
 - Si paran/responsab legal la – ki se yon manm nan menm kay la tankou timoun/kanpè a – afiche sentòm COVID-19 oswa te teste epi rezilta pozitif pou COVID-19, Pati Responsab yo dwe itilize yon lòt paran/responsab legal oswa kontak ijans ke paran an otorize pou pase pran timoun lan. Kòm se yon "kontak pwòch", timoun/kanpè a pa dwe retounen nan gadri oswa kan lajounen an pandan dire karantèn lan.

- Si paran/responsab legal la – ki se yon manm nan menm kay la tankou timoun/kanpè a – nan karantèn kòm mezi prevantif, san sentòm oswa tès pozitif, ekip la dwe sòti oswa remèt timoun/kanpè a bay paran/responsab legal la nan limit, oswa deyò, lokal la. Kòm se yon "kontak yon kontak", timoun/kanpè a ka retounen nan gadri a oswa kan lajounen an pandan dire karantèn lan.
- Si yon timoun/kanpè oswa manm kay la vini gen sentòm pou COVID-19 ak/oswa teste pozitif, timoun lan dwe nan karantèn epi pa ka retounen oswa patisipe nan pwogram gadri oswa kan lajounen an jiskaskarantèn lan fini.

B. Trasaj ak Swivi

- Pati Responsab yo dwe enfòmè touswit depatman eta oswa lokal la sou nenpòt rezilta tès pozitif COVID-19 yon anplwaye oswa timoun/kanpè sou sit la.
- Pati responsab yo dwe deziyen yon siveyans sekirite sit la kote responsablite yo gen ladan konfòmite kontinyèl ak tout aspè sou plan sekirite sit la.
- Nan ka yon anplwaye, paran/responsab legal oswa timoun/kanpè teste pozitif, Pati Responsab yo dwe kopere ak depatman sante lokal ak eta a jan yo mande sa pou retrase tout kontak yo nan espas travay la ak depatman sante lokal ak eta a kote sit la sitiye a dwe enfòmè tout moun ki antre sou sit la depi 48 èdtan anvan anplwaye, paran/responsab legal oswa timoun/kanpè a te kòmanse santi sentòm oswa te teste pozitif pou COVID-19, nenpòt sa ki vin anvan an. Yo dwe kenbe konfidansyalite jan lwa ak regleman federal ak eta a yo egzije a.
- Depatman sante eta ak lokal yo ap, anba otorite legal yo, mete restriksyon siveyans ak restriksyon mouvman sou moun ki enfekte oswa ekspozè yo ansanm ak sa ki nan izolman lakay oswa karantèn.
- Moun yo alètte ke yo te gen kontak pwòch oswa dirèk ak yon moun ki gen COVID-19 epi ki te alètte atravè trasaj, swivi oswa lòt mekanis, gen obligasyon pou rapòte bay pwopriyetè/operatè/manadjè gadri oswa kan lajounen an nan moman alèt la epi dwe swiv pwotokòl ki mansyone anwo a.

IV. PLAN ANPLWAYÈ

Pati Responsab yo dwe afiche byen klè plan sekirite konplè sou sit la pou anplwaye yo. Eta a mete disponib yon modèl plan sekirite pou re-ouvèti biznis pou gide pwopriyetè biznis ak operatè yo nan kreye plan pou pwoteje kont pwopagasyon COVID-19 la.

Enfòmasyon sekirite anplis, direktiv, ak resous yo disponib sou:

Sit Entènèt Depatman Sante Eta New York la sou Nouvo Kowonaviris (COVID-19)

<https://coronavirus.health.ny.gov/>

Sit Entènèt Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi Kowonaviris (COVID-19)<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/index.html>

Sit Entènèt Administrasyon Sekirite ak Sante nan Travay pou COVID-19

<https://www.osha.gov/SLTC/covid-19/>

Nan lyen ki pi ba a, afime ou te li ak konprann obligasyon ou genyen pou fonksyone dapre direktiv sa a:

<https://forms.ny.gov/s3/ny-forward-affirmation>